# नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*



# दाउद एक चरबाहा नेन्हा


*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Lazarus
Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen



*अनुवाद*: Ashish Paul


*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org



©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.




प्राचीन काल में, इस्त्राएलक राजा शाउलक काल में एकटा नेन्हा छलाह जिनक नाम दाउद रहिन, ओ मवेशी कऽ चरा कऽ अपन सातों भाईक सहायता करैत छलाह दाउद मजगूत अऽ बड़ सहासी आओर परमेश्वरक उपर भरोसा राखय वला छलाह। ओ बेतलहम नगरि में रहैत छलाह।




एक रोज अपन पेट भरबाक लेल एकटा सिंह हुनक मवेशीक झूंडक एक पशुक उपर आक्रमण कएलक। युवा दाउद अक्रमणकारी पऽ आक्रमण कएलक। मवेशी कऽ बच्चाक अलग कऽ कऽ ओ ओहि खतरनाक सिंह कऽ जान जबड़ाक हड्डी सँ लऽ लेलखिंन्ह। दाउदक पता रहिन जे परमेश्वर हुनका चंगा कऽ देथिंन्ह।



3

शामूएल परमेश्वरक भविष्यवक्ता अखिनों बड़ दुःखी छलाह जे शाउल परमेश्वरक संगे अपन संबंधक निक करय में असफल भऽ गेलाह। "अहाँ आओर कतैक काल घरि शाउलक लेक शोक मनाएब ?" परमेश्वर शामूएलक डांटलखिंनह।




4

हम अहाँक यिसेक लग पठा रहलहुँ किएक तऽ हम हुनक पुतक बीच में सँ एक राजा हुनका देबअ जा रहल छी। यिसे दाउदक पिता छलाह। शामूएलक पता रहिन जँ शाउल जानि जएताह जे हम नव राजाक चुनाव करअ जा रहल छी तऽ हुनक ओ जानो लऽ सकैत अछि। मुदा ओ परमेश्वरक आज्ञा कऽ माननलिन।



5

जहन शामूएल पहुँचलनि, यिसै अपन सातो पुतक एक एक कऽ कऽ हुनका सामना में आनलखिंन्ह। आओर आगाँ शामूएल यिसे सँ कहलखिंन्ह "परमेश्वर हिनका सभक राजा नहि चुनने छथि"। ओ तऽ सब सँ छोट दाउदक चुनने छथि। ओ भेड़ाक झूंडक संगे बाहर छलाह। ओ सभ दाउदक बजा कऽ आनलखिंनह। तहन परमेश्वर सोर पारलखिंन्ह "ऊठुँ, हिनक अभिषेक करियौंन, कारणें यह तऽ ओ छथि।"




6

शाउलक राजभवन सँ परमेश्वरक आत्मा परा गेल आओर हुनक जिनगी सँ भी परा गेल, आओर अब ओ बड़ दुःखी मनुख बनि गेलाह। हुनक सेवक सभ सोचलखिंन्ह निंक संगीत हुनक मनक शांति दऽ सकैछ। ओ सभ एक युवा कऽ जानैत छलाह जे बड़ निक वीणा बजाबैत छल। कि अहाँ अनुमान लगा सकैत छी जे ओ युवा के छलाह ? हँ ओ तऽ दाउद रहैथि।





7


दाउदक संगीत शाउलक शांति प्रदान कएलिन ताकि ओ सोझ सोच सकैथि। शाउल यिसै सँ याचना कएलिन जे ओ दाउदक राजाक सेवा में एहिठाम रह दैक। जाहिया कहियो शाउलक मन निराशा सँ भरि जाएत रहैक, हुनका उपर दुःखक आक्रमण होयत रहैक, दाउद हुनका लेल वीणा बजबैत रहैथि। ई बात हुनका सहायता करैत रहिन।





8



दाउदक घर गेलाक बाद, शाउलक फलिस्ती लोकक संगे एक बड़का युद्ध भेलिन। दाउदक भाई लोकिन शाउलक सेनाक संगे मिल कऽ युद्ध कएलाएथि। यीसै अपन पुत दाउदक भोजन लऽ कऽ युद्ध भूमि में पठौलिन ताकि हुनका ई समाद भेंटिन जे हुनक पुत सभ केहन हालत में छथि।
9
एकटा विशालकाय गोलियत समस्त ईस्त्राएली सेना कऽ डेरा देने रहैक।
10
अपना लेल एक मनुख कऽ चुनियौक, आओर ओकरा हमरा लग पठा दियौक “गोलियत जोर सँ चीकरलाएथि। जँ ओ हमरा संगे युद्ध कऽ कऽ हमरा मारि देत तहन हमरा सभ अहाँ सभक सेवक बनि जाएब। “अऽ जँ हम हुनका मारि देबिन, तहन अहाँ सभ हमरा सभक सेवक बनि कऽ हमरा सभक सेवा करब“ जहन समस्त इस्त्राएली
ओहि महाकाय गोलियतक देखलिन तऽ ओ सभ डेरा कऽ ओहिठाम सँ भागि गेलाह।
11
अऽ तकरा बाद दाउद शाउल सँ कहलिन “केओ अपन हृदय कऽ ओकरा कारणें दुःखी नहि करियौक“ “अहाँक ई सेवक जा कऽ ओहि फलिस्तीक संगे युद्ध करताह।“ शाउल चाहैत रहैथि जे दाउद कवच पहिरैत आओर अपने संगे एकटा तलवार लऽ कऽ चलैथि। ओकरा जगह पऽ दाउद गुलैतीक लेलखिंन्ह आओर नन्दी में सँ पाँचटा पाथरक टूकरा लऽ लेलखिंन्ह।
12
गोलियत दाउदक देख कऽ हाँसय लगलाह किएक तऽ ओ कवच भी नहि पहिरने रहैथि। हम अहाँक मांस कऽ अकाशक चिड़ीया अऽ मैदानक पशुक दऽ देव! ओ चीकरलाएथि। दाउद उत्तर देलिन हम अहाँक सन्मुख में प्रभुक नाम सँ आएल छी। आजुक दिन परमेश्वर हमरा हाथें प्रभु अहाँक आजाद करत किएक युद्ध तऽ परमेश्वरक अछि।
13
अऽ तहन दाउद धौग कऽ गोलियतक दिस गेलाह। अपन धौगत काल में ओ एकटा पाथरक टूकरा कऽ अपन गुलौती सँ हुनका कपारक उपर प्रहार कएलिन। अऽ गोलियत खैस पड़लाह!
14


दाउद जल्दी सँ गोलियतक तलवारक खींच कऽ हुनक गर्दन उड़ा देलिन। जहन फिलिस्ती सभ गोलियतक मृत कायाक देख कऽ अपन प्राण बचयबाक लेल भागि गेल।
15


राजा शाउल एहि बातक बिसरा गेलखिंनह जे ई वैह दाउद छथि जे वीणा बजा कऽ हुनक मनक शांत करैत छलाह। ओ दाउदक अपन सेनाक सेनाध्यक्ष बना देलिन मुदा लोक सभ जहन हुनक विजयी होयबाक कारणें आदर करअ लागलिन तऽ शाउल हुनका सँ ईर्ष्या करअ लागलखिंनह। अब आओर हुनका कि चाहि मुदा राजक कि होयत ? शाउल विचार करअ लागलाह। आओर ठीक वैह दिन सँ शाउल दाउदक उपर नजर राखअ लगलाह।
16


पुनः राजा शाउलक मन दुःखी भेलिन। आओर दाउद फेर एक बेर वीणा बजा कऽ हुनक मनक शांत करबाक प्रयास कएलिन। तीन बेर शाउल दाउदक उपर भाला फेंकलिन। मुदा दाउद हर बेर बचि गेलाह। शाउल अब दाउद सँ डेराय लगलाह,
किएक तऽ हुनका मालूम रहिन जे परमेश्वर हुनका संगे छनि, मुदा औ शाउलक लग सँ परा गेल छथि।
17


मुदा योनाथन शाउलक पुत, दाउदक अपन भाईक जकाँ प्रेम करैत रहैथि। ओ दाउदक सावधान कऽ देलिन कि “हमर पिता अहाँक हत्या करबाक लेल खोजि रहल छथि“। तँ दाउद ओहिठाम सँ परा गेलखिंन्ह। हुनक घर वाली विछौना पऽ एकटा नकली दैहिक राखि देलखिंन्ह आओर अधरतिया कऽ खिड़कीक द्वारा ओ उतिर कऽ चलि गेलखिंन्ह। जहन शाउलक लोक ओतो भिनसर में आएल तबतक ओतो सँ ओ चलि गेल रहैथि।
18


दाउदकऽ तऽ शाउलक लग सँ दूर भागि कऽ जाईएक रहिन। एहि सँ पहिने की ओतो सँ ओ चलि जाएक ओ आओर योनाथन एकटा वाचा बांहिनलिन। ओ वचन देलिन जे ओ सदिखिन एक दोसराक सहायता करताह।
19


दुःखी मन सँ दोनो दोस्त एक दोसराक विदा कएलिन। दाउद एकटा एहन जगहक तलाश में छलाह जतो ओ शांति पूर्वक अपन जिनगी बीता सकैत छलाह। आओर ओहि ठाम शाउलक सैनिक हुनक किछु हानी नहि कऽ सकैत रहैथि।
20

## दाउद एक चरबाहा नेन्हा


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

1 शामूएल 16-20

***ऋृका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता* 119:130**






19 60



*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल॓कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह॓यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह॓इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ॓ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ॓ फेर द॓सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल॓कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रुप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जाहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना* 3:16